

BAB III

MÉTODOLOGI PANALUNGTIKAN

3.1 Lokasi jeung Sumber Panalungtikan

3.1.1 Lokasi Panalungtikan

Kampung Naga nya éta hiji daérah anu kaasup kana wilayah Désa Néglasari Kacamatan Salawu Kabupatén Tasikmalaya. Kampung Naga lokasina aya di tengah-tengah pasir, dina lahan anu legana 1.5 héktar. Dina lahan pamukiman Kampung Naga di wates-wates sacara alami nya éta ti belah kalér diwatesan ku walungan Ciwulan anu dina kocoran caina aya leuweung nu sok disebut *Leuwueng Larangan*, di belah wétan diwatesan ku pasawahan, di belah kulon diwatesan ku leuweung anu mangrupa tempat karamat nu dijerona aya astana karuhun sanaga baheula anu sok disebut *Leuweung Hadepan* jeung di belah kidul diwatesan ku pasawahan.

Lamun hayang nepi ka Kampung Naga bisa ngagunakeun kendaraan anu ka arah Singaparna Tasikmalaya ti arah Garut, sanggeus nepi ditempat satuluyna kudu leumpang ngaliwatan tangga sakurang-kurangna 449 tangga, sanggeus éta tuluy ngaliwatan jalan galengan digigir walungan Ciwulan sakaligus bisa nempo kaayaan lembur anu beresih sarta karawat kalawan hadé.

Sacara global masarakat Kampung Naga dibagi jadi dua kelompok, nya éta kelompok masarakat Kampung Naga anu aya di pamukiman Kampung Naga sorangan jeung kelompok masarakat Kampung Naga nu aya disaluareun pamukiman nu sok disebut Sanaga. Masarakat Kampung Naga jumlahna aya 325 urang anu diantaranya 106 kepala kulawarga nu nyicingan 111 bangunan kalawan 108 imah, 1 balai patemon, 1 masjid jeung 1 *bumi ageung*.



Gambar 3.1
Lokasi Kampung Naga

3.1.2 Kaayaan Masarakat

Jumlah masarakat Kampung Naga aya 325 urang nu diantarana 157 lalaki jeung 168 awéwé. Jumlah imah aya 108, masarakat anu nyicingan unggal imah aya 2 nepika 4 urang. Mobilitas masarakat di Kampung Naga kagolong rendah, sanajan arus migrasi sok aya waé sabab 1) pikeun ngadeukeutkeun kana harta, misalna kusabab miboga sawah diluar daérah Kampung Naga, méh leuwih inténsif dina ngolah lahan, ku kitu maranéhna cicing di daérah éta, 2) lantaran ayana perkawinan ka jalma di luar Kampung Naga.

3.1.3 Pola Padumukan


Padumukan masarakat Kampung Naga polana *konsentrik* atawa di kelompokeun ku ayana lahan kosong dibelah tengahna. Kampung Naga lokasina aya dina hiji aréa lahan anu miboga posisi anu béda. Di sakuriling kampungna maké pager awi atawa pepelakan pikeun ngawatesan pamukiman masarakat

Kampung Naga. Wates pager sok disebut *kandang jaga*. Panto pikeun asup ka kampung aya dibelah wétan nyanghareup ka walungan Ciwulan.

Kusabab kaayaan lahan di aréal Kampung Naga miboga posisi anu béda-béda, jadi imah-imah dibangun dina bagéan lahan anu béda ogé. Disusun tina bagéan lahan anu pangluhurna nepika lahan anu panghandapna. Barisan imah nu hiji jeung nu séjénna diwatesan ku sengked-sengked nu dijieun tina susunan batu-batu walungan anu ukuranna sagedé hulu jalma tuluy dipageuhan ku taneuh liat nu engkéna bakal aya lumutan nu miboga fungsi pikeun nahan jeung nyerep cai, sangkan taneuh nu leuwih luhur teu matak longsor. Sengkedan dijieun maké pola *ngais pasir*. Takikan dina unggal sengkedan teu dijieun lempeng, nanging dijieun condong luyu kalawan gurat ngabujur ti arah penclut ka kai pasir.

3.2 Desain Panalungtikan

Desain panalungtikan téh sakabéh prosés anu diperlukeun dina rarancang jeung prak-prakanna panalungtikan, kagambar sakumaha bagan di handap ieu:



Dina ieu panalungtikan aya léngkah-léngkah nu diwengku jadi opat, nya éta:

- 1) léngkah tatahar;
- 2) léngkah ngumpulkeun data;
- 3) léngkah analisis data; jeung
- 4) léngkah nyusun laporan.

Agung Setiana, 2014

Sistem Pendidikan Réligi Masarakat Kampung Naga Pikeun Alternatif Bahan Pangajaran Maca Di SMA

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

3.2.1 Léngkah Tatahar

Dina tahap tatahar aya sababaraha garapan nu dilaksanakeun, nya éta:

- 1) ngarumuskeun masalah;
- 2) ngayakeun ulikan pustaka;
- 3) nyusun rarancang panalungtikan; jeung
- 4) konsultasi ka dosén pangaping.

3.2.2 Léngkah Ngumpulkeun/Ngolah Data

Léngkah dina ngumpulkeun data, nya éta:

- 1) ngayakeun obsérvasi kana objék panalungtikan;
- 2) nyebarkeun angkét panalungtikan;
- 3) ngayakeun wawancara jeung masarakat ngeunaan data nu baris ditalungtik;
- 4) ngumpulkeun data nu rék dijadikeun bahan analisis.

3.2.3 Léngkah Nganalisis Data

Data anu kakumpulkeun, satuluyna diolah jeung dianalisis dumasar téhnik ngolahna, nya éta:

- 1) data nu geus disiapkeun dikumpulkeun;
- 2) data ditengetan deui;
- 3) data satuluyna dianalisis; jeung
- 4) nyieun kacindekan.

3.2.4 Léngkah Nyusun Laporan

Léngkah pamungkas nya éta léngkah nyusun laporan anu satuluyna hasil panalungtikan dipasing-pasing tuluy dianalisis. Panalungtikan ieu dumasar kana sistematika nulis karya ilmiah Universitas Pendidikan Indonesia nu paling anyar.

3.3 Méthode Panalungtikan

Sacara umum méthode panalungtikan bisa dihartikeun cara nu digunakeun ku panalungtik dina ngumpulkeun data panalungtikan. Nurutkeun Arikunto (2006,

kc. 160). Hartina, métode panalungtikan mangrupa hiji patokan pikeun ngahontal tujuan dina ngalaksanakeun panalungtikan.

Métode nu digunakeun panulis dina panalungtikan ieu nya éta métode déskriptif, lantaran dina masalahna méré gambaran sacara sistematis, faktual jeung akurat ngeunaan fakta-fakta jeung sifat-sifat populasi. Tujuan ngagunakeun métode déskriptif nya éta pikeun ngadéskripsikeun sistem pendidikan réligi masarakat Kampung Naga.

Amir Suryatna (2002, kc. 14) nétélakeun yén métode déskriptif digunakeun pikeun méré gambaran sacara sistematis, faktual jeung akurat ngeunaan fakta-fakta jeung sipat-sipat populasi atawa daérah nu tangtu. Panalungtikan déskriptif nya éta panalungtikan nu mangrupa akumulasi data dumasar kana cara ngadéskripsikeun wungkul, teu nguji hipotésis, teu nyieun ramalan atawa teu ngahasilkeun ma'na implikasi. Ieu métode téh mindeng digunakeun pikeun:

- 1) ngumpulkeun informasi faktual kalawan rinci jeung nggambarkeun gejala-gejala nu aya;
- 2) ngaidéntifikasi masalah-masalah nu aya ayeuna;
- 3) nangtukeun sagala rupa nu bisa dicokot atawa kumaha implikasi tina pangalaman pikeun ngararancang kaputusan dina mangsa nu bakal datang.

3.4 Wangenan Operasional

Sangkan teu nimbulkeun pamahaman séjén, di handap ieu dipedar wangenan ngeunaan kecap-kecap nu dijadikeun judul panalungtikan.

a. Sistem Pendidikan

Hal-hal nu miboga hubungan nu silih pakuat kait jeung hal nu aya di jerona ngeunaan pendidikan, lantaran sistem moal jalan lamun salah sahiji elemenna teu jalan.

b. Réligi

Internalisasi jeung *penghayatan* hiji individu kana ajén-ajén agama nu dipercaya dina wangun ketaatan jeung pemahaman kana ajén-ajén nu ka hareupna bisa dilarapkeun kana paripolah sapopoé.

c. Kampung Naga

Hiji padumukan nu dicicingan ku sakelompok masarakat nu masih nyekeul pageuh kana adat istiadat titinggal karuhun, dina ieu hal nya éta adat Sunda.

d. Bahan pangajaran

Salasahiji sumber diajar pikeun siswa atawa hal-hal anu miboga tujuan pikeun pangajaran.

3.5 Instrumén Panalungtikan

Dina ngumpulkeun data, téhnik panalungtikan dilengkepan ku instrumén panalungtikan nu mangrupa alat pikeun ngumpulkeun data anu mangaruhan kana hasil jeung henteuna panalungtikan.

Nurutkeun Arikunto (2006, kc. 150), instrumén panalungtikan nya éta alat atawa *fasilitas* nu digunakeun ku panalungtik pikeun ngumpulkeun data sangkan pagawéan leuwih gampang jeung hasilna leuwih hadé (leuwih lengkep jeung sistematis) nepi ka datana leuwih babari diolah. Nu jadi instrumén dina ieu panalungtikan diantarana mangrupa format obsérvasi, pedoman wawancara, sarta média-média pangrojong pikeun ngadokuméntasikeun hasil panalungtikan, nya éta kaméra, Hp, jsb.

Pedoman wawancara nu baris aya diantarana mangrupa patalékan-patalékan. Runtuyan patalékan-patalékan wawancara nu kasampak dina tabél ngan saukur gurat badag tina patalékan di lapangan. Di lapangan mah bisa leuwih ngalegaan. Pikeun nyiptakeun suasana anu leuwih lugina, patalékan-patalékan téh henteu tuluy-tuluyan merekpek ngabébéak teuing, tapi awor ngahiji dina obrolan nu hampang. Format obsérvasi jeung instrumen patalékan nu baris jadi acuan dina obsérvasi kawas di handap ieu.

Format Obsérvasi

Téma obsérvasi :
 Lokasi obsérvasi : tgl./jam :
 Jenis obsérvasi :

| Koding | Data/hasil obsérvasi |
|--------|----------------------|
| | |

Instrumén Patalékan

Wasta :

Umur :

Pakasaban :

Jenjang atikan :

Kalungguhan :

1. Lolobana masarakat Kampung Naga ngagem agama naon?
2. Élmu agama nu siga kumaha nu diwariskeun sacara turun-temurun?
3. Kumaha cara ngadidik budak ngeunaan pangaweruh réligi nu saluyu jeung kabudayaan di masarakat kampung Naga?
4. Aya teu buku atawa acuan pikeun ngajarkeun budak dina pangajaran agama?
5. Faktor naon nu jadi bangbaluh jeung pangrojong dina upaya ngawariskeun ajén-ajén agama di masarakat kampung Naga?
6. Aya teu kagiatan nu dipantrang saluyu jeung kabudayaan masarakat di Kampung Naga?
7. Paripolah kaagamaan nu siga kumaha nu dipikahayang ku kolot masarakat Kampung Naga?
8. Aturan-aturan agama nu siga kumaha nu diterapkeun di kulawarga?
9. Naon sababna teu meunang mantrang kana aturan agama?
10. Kumaha sikep kolot lamun aya budak nu ngarempak aturan jeung teu nurut ka kolot?
11. Aya teu kagiatan agama nu husus nu dilakukeun di imah?
12. Aya teu ritual agama husus nu dilaksanakeun ku masarakat Kampung Naga?

13. Kumaha sistim pendidikan agama di Kampung Naga? Kumaha lajuning laku tina pendidikan agama di sakola formalna (upama aya budakna nu sakola di luar kampung)? Naha diterapkeun, atawa henteu?
14. Naon waé ajén-ajén kaagamaan nu mangrupa titinggal ti karuhun?
15. Kunaon sababna masarakat Kampung Naga masih mertahankeun tur maké kabudayaanna ngeunaan agama titinggal ti karuhun?
16. Naon balukarna lamun masarakat Kampung Naga mantrang kana aturan agama?

3.6 Téhnik Panalungtikan

3.6.1 Téhnik Ngumpulkeun Data

Dina ngumpulkeun data pikeun panalungtikan, téhnik anu digunakeun nya éta téhnik talaah pustaka, obsérvasi, wawancara jeung angkét.

- 1) Talaah pustaka, digunakeun pikeun ngumpulkeun data ku jalan maca ngeunaan tiori-tiori nu aya dina buku-buku, tulisan dina internet, jeung makalah-makalah anu aya hubunganana jeung ieu panalungtikan jeung bisa ogé meunangkeun data nu sipatna dokumén (data gambar-gambar atawa tinulis).
- 2) Téhnik obsérvasi, digunakeun pikeun pengamatan langsung ka lapangan pikeun meunangkeun data anu *valid*. Dina téhnik ieu ogé panalungtik ngagunakeun média nu bisa ngarojong prosés panalungtikan, diantarana kaméra, HP, jeung *tape recorder*.
- 3) Téhnik wawancara, digunakeun pikeun nyokot data ngaliwatan kagiatan komunikasi jeung informan atawa tokoh masarakat dina wangun lisan nu *semi terstruktur* hartina sok sanajan wawancara geus ditangtukeun ku sajumlahing patalékan-patalékan teu nutup lolongkrang bisi aya deui patalékan-patalékan anu anyar nu spontan luyu jeung kontéks obrolan nu dilakukeun.
- 4) Angkét, mangrupa téhnik ngumpulkeun data nu dilakukeunana ku cara méré patalékan tinulis ka unggal réspondén pikeun dijawab. Angkét ogé

digunakeun pikeun meunangkeun informasi ti masarakat salaku narasumber nu dijadikeun sampel panalungtikan diwangun instrumén patalékan.

3.6.2. Téhnik Ngolah Data

Data nu geus dikumpulkeun satuluyna diolah pikeun dijadikeun data nu bener-bener. Dina ieu panalungtikan, aya léngkah-léngkah ngolah data nu geus dikumpulkeun, diantarana:

- a) mikawanoh kana sistem pendidikan réligi masarakat Kampung Naga,
- b) ngadéskripsikeun kumaha sawangan masarakat ngeunaan sistem pendidikan réligi nu digunakeun ku masarakat Kampung Naga,
- c) ngadéskripsikeun kumaha cara ngawariskeun budaya ngeunaan réligi ka generasi penerus dina pendidikan kulawarga, jeung
- d) nyusun kacindekan hasil panalungtikan.